Tèm 7, Semèn 27; Rezime nan paj 42 (yon lòt tradiksyon pa madan Pierre)

If You Give a Pig a Pancake – Si w Bay yon Kochon Yon Krèp

Si ou bay yon kochon yon krèp, l ap mande w siwo pou vide sou li. Lè w ba l siwo a, kò l ap gonmen, l ap mande dlo pou li benyen. Lè w ba l dlo ak yon ti kana plastik ladan pou l jwe, Kana a ap fè l sonje patiraj kote li rete. Apresa, kochon ap vle mete soulye dans balerina l nan pye l. L ap bezwen pou w jwe panyo pou l ka danse. Lè sa a, lap anvi pran foto pou voye bay zanmi l yo. Lè l rive lapòs la, l ap wè yon pyebwa, gòm nan ekòs bwa ap fè l sonje siwo. Apre sa, li ap mande krèp pou manje ak siwo a.

Ann reflechi sou istwa a

1. Poukisa ou kwè otè a ekri istwa a?

a) pou fè w ri b) pou enfòme c) pou konvenk ou

2. Èske istwa sa a reyèl oswa fantezi?

a) Reyèl b) fantezi

3. Ekri fraz ou pi renmen nan istwa a.

______________________________________________

______________________________________________

4. Ekri fraz ou pa renmen nan istwa a.

5. Mete mo sa yo nan lòd

ri Kochon fè m a sa